qábileti tómenleydi, kópshilik jaǵdaylarda esitiw qábileti sanawlı kúnlerde júdá tez tómenlewi kútiledi. Esitiw qábiletin qalay saqlap qalıw múmkin? Bul gaqqında hár tárepleme másláhátler berilgen bolıp olardıń eń baslısı, qulaqshınlardan waz keshpegen halda esitiw qábiletin saqlap qalıw.

Qulaqshınlarda muzıkanı dawıs muǵdarınan zıyat hám uzaq waqıt esitiw, qulaǵımızdıń esitiw qabiletiniń tómenlewine alıp keledi. Olardıń barlıq túri ziyanlı ekenligin bilemiz, ásirese jastıqsha hám tıǵın túrindegi qulaqshinler júdá zıyan ekenligin yadta tutıwımız zárúr. Qulaqshınnan kelip turǵan bálent dawıstıń zıyanınıń tiykarǵı kriteriyasına tómendegiler kiredi: qulaqshınnan esitiw waqtında óziniń dawısın esitpew arqalı bálent dawısta sóylew, átirapqa beyimlesiwdiń keskin ózgeriwi hám ózgelerge húrmet penen birge tárbiyalıq áhmiyetiniń joq bolıwına alıp keledi.

Otolaringologlar aytıwınsha esitiw qabileti joǵalıwı jasardı deydi, sebebi ertede 70 jas shamasındaǵı adamlarda ǵana esitiw qabileti joǵalar edi, al házirgi waqıtta bul jaǵday 32-40 jastı quraydı. Otolaringolog - qánigeler, muzıkanı qulaqshında bir kúnde 60 minut esitiwdi másláhát etedi (qansha az bolsa - sonshelli jaqsı). Esitip atırǵan muzıkanıń dawıs muǵdarı 60 % ten aspawı tiyis. Ilajı bolsa muzıkanı qulaqshınsız tábiyiy halda esitiwdi qánigeler durıs dep biledi. Onnan kelip turǵan muzıkanıń dawıs bálentligi shama menen 110-120 decibeldi quraydı. Bul sanlar hesh nárseni aytpawı múmkin, biraq bul dawıs bálentligi qulaǵımızǵa sonday kúshli tásir etedi hátteki biz reaktiv samolyot janında 10 metr aralıqta turǵan menen teń dep esaplaydi.

Zamanagóy qulaqshınlardıń sapası hám qolaylıǵına qaramastan muzıkanı bálent dawısta muǵdarınan zıyat esitiw qulaq esitiw qábıletiniń tómenlewine alıp keletuǵının umıtpawımız kerek. Al ózimizge tiyisli zor esitiw qabiletimizdi tiklew ushın shıntlap uzaq waqıt emleniw tiyis boladı. Eń baslısı bunday jaǵday bolmaǵanı tiyis, óz den-sawlıǵımız óz qolımızda ekenligin umıtpayıq.

Ádebiyatlar

. А.Нисбетт. Звуковая студия "Связь" М 1979 стр 21.
2. Севашко А.В. Звукорежиссура и запись фонограмм. 2004 стр 359-360, 421.

REZYUME. Bu tezisda hozirgi kunda yoshlar orasidagı eng aktual muammo bo‘lgan quloqchinning inson organizmiga bo‘lgan nojuya tasiri, uning oqibatlari, qulog‘imizga og‘riqli tasir etishi, shovqinli ovozlarning normalarining bajarilishi haqida so‘z etiladi.

РЕЗЮМЕ. В данной дипломной работе говорится о неблагоприятном влиянии наушников на организм человека, что является наиболее актуальной проблемой среди молодежи сегодня, ее последствиях, болезненном воздействии на наши уши, выполнении норм шумных звуков.

SUMMARY. This thesis talks about the adverse effect of headphones on the human body, which is the most urgent problem among young people today, its consequences, its painful effect on our ears, and the fulfillment of norms of noisy sounds.

KINO HÁM DRAMATURGIYA

ҚАРАҚАЛПАҚ КИНО ӨНЕРИ ДҮНЬЯСЫН КӨРКЕМ ФИЛЬМЛЕРИ МЕНЕН БЕЗЕГЕН ИНСАН

Баўетдинов Шарапатдин - *ассистент оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таяныш сөзлер: мәденият, көркем өнер, кадр, кино санааты, сес режиссёры.
Ключевые слово: культура, изобразительное искусство, кадр, кинематография, звукорежиссёр.
Key words: culture, art, personnel, film industry, sound director.

Қарақалпақ әдебияты соның ишинде қурамалы ҳәм қыйын жанр саналған комедияға қол урған ҳәм бул жанрдың өрлеўине салмақлы үлес қосып киятырған жазыўшы, сценарист Муратбай Нызанов бүгинги күнге шекем инсанлардың жүзинде ерксиз күлки оятқан шығармалары менен, сондай-ақ, драмалық, ҳәттеки турмыс соқпақларында қыйыншылық жүгин артқан ғайратлы инсанлар тәғдирин толық ҳәм анық сәўлелендирген повестлери менен оқыўшы тамашагөйлер ушын қәдирли инсан. Биз әдетте

айырым инсанларға жолыққанымызда оның келбетине қарап «жүзи ысық адам екен» ямаса «жүзлеринен нур жайнап тур» деген баҳаларды беремиз. Әйне усындай тәрийиплер қаҳарманымыз бир көргеннен-ақ күлимлеген көзлери менен адамларды өзине қаратыўшы Муратбай Нызановқа да тән екенин уйғарамыз. Шебер прозаик, сатирик, комик жазыўшы, киносценарист М.Нызановтың аты баспасөзде жәрияланған мақалалардың биринде «Қарақалпактың Азиз Несини» деп мақтаныш пенен тилге алынады. Шынында да, бүгинлиги тек ғана әдебиятымыз майданында емес, бәлким миллий киноөнеримиздиң раўажланыўына, сахналық шығармалардың байыўына жигерли мийнетин сиңдирип киятырған қаҳарманымызға әне усындай тәрийиплер жарасады.

Кегейли районында туўылып, кәмалға келген Муратбай Нызанов Қарақалпақ Мәмлекетлик университетин питкергеннен соң мийнет жолын М.Жуманазаров атындағы хожалықта ислеўден баслайды. Дәслеп «Кегейли турмысы», «Жеткеншек», «Еркин Қарақалпақстан» газеталарында мийнет етеди. Соңынан Қарақалпақстан телевидениесиниң бас редакторы, «Арал» журналының бас редакторы, «Қарақалпақстан» баспасының директоры ҳәм Қарақалпақстан телерадиокомпаниясы директорының орынбасары, «Қарақалпакфильм» киностудиясының директоры лаўазымларында иследи. Қаҳарманымыз талантлы киносценарист, жазыўшы ҳәм журналист сыпатында бүгинги күнге дейин бир катар шығармаларды дөретип, оқыўшы-тамашагөйлерге инәм етип келмекте. Оның дәслепки сатиралық гүрриңи «Қассаптың түси» деп аталады. Буннан соң усы сыяқлы бир неше юмор-сатиралық шығармаларды дөретти. Өз гезегинде дөретпелери өзбек, қазақ, татар, башқурт, ноғай тиллерине де аўдарма етиледи. Және де бир-биринен қызықлы, инсан минез-қулқының көз илмес қырларын, жәмийеттеги нуқсан-кемшиликлерди сын астына алды, күлкили тәризде түрли инсанлардың характерлерин өзинде жәмлеген шығармалары өз алдына китап болып баспадан шықты. Атап айтқанда, «Усындай да болады», «Сизге болмайды», «Адам жаманлағаны ушын», «Жат журттағы жети күн», «Ишек силем катты мениң», «Ғәзийне», «Еки канхор» ҳәм тағы басқа да басылымлары жарық көрди. Бул китаплардан орын алған ҳәр бир қысқа қатарлар, интермедиялар ҳәм пьесаларда жазыўшының қәлеми, стили, тили, талғамы сезиледи. Түрли жастағы, минездеги ҳәр түрли лаўазымдағы адамлар келбети, ҳайўанлар ҳәм ҳәтте предметлердиң де көринис, келбети толық ашып берилген. Мәселен, оның «Ушар тарелка» шығармасында кишкене қыздың монологы, «Шонтық шайыр монологы»нда болса өзин теңсиз қәбилет ийеси деп есаплайтуғын шайыр, ал «Тырнақ бояўы» дөретпесинде жас қызлардың турмысын пикир, характерлерин көрсете алған. Жоқарыда айтып өткенимиздей, жазыўшы әдебияттың комедия жанрында ғана емес, ал драма, проза соқпақларында да қунлы дөретпелерди оқыўшы тамашагөйлерге инәм етти. Бул жолда онын «Ақшагүл», «Душпан», «Ақырет уйқысы», «Пара» повестлерине қоса сахна жүзин байытқан «Еки дүньяның әўереси», «Күлме маған» комедиялары тамашагөйлер қалбинен терең орын алыўға үлгерди.

Муратбай Нызанов әдебиятымызда шығармаларының тили, өзиниң жанрлық өзгешеликлери ҳәм сөзди сатиралық нақыл-мақаллар менен өз орнында шебер қоллана алатуғын жетик юморист ҳәм драматург жазыўшы сыпатында айрықша орынға ийе. Дәслеп оның қысқа юмор-сатиралық шығармалары жөнинде сөз еткенимизде инсанның жүзин күлки оятыўшы еки аўыз сөзиниң өзи-ақ оқыўшылардың итибарын тартады. Мәселен, оның «Афишадан: «Арбаң аўдарылмасын» Аўдарған Әбдирейимов» деген катарларында-ақ жазыўшы тилиниң байлығын көремиз. Ол жәмийеттеги нуқсанларды инсан характеиндеги айырым қәсийетлерди сықмар, парахорларды өсекши шуғылларды дерлик бәрше кери қәсийетлерди сын астына алып, өз алдына терең мәни аңғаратуғын шығармаларын топламларында жарыққа шығарды. Усылардан оның студентлер өмиринен жазылған «Баслама», сондай-ақ «Реклама», «Қәтесиз жазатуғын адам», «Мен неге сыбырлайман?», «Анализ» ҳәм басқа да шығармаларының ҳәр бири оқыўшыны күлки майданына алып барады. Турмыстағы қызықлы көринислерди ўақыяларды өзиниң усылы ҳәм жазыўшылық қәбилети менен қағазға түсирген қаҳарманымыздың бундай шығармалары сан мың. Атап айтатуғын болсақ, оның «Гүлдирмама» комедиясында пьеса жазыў қағыйдаларынан бийхабар, «шебер» шала драматург елиў жаслы Марленов ҳәм оның «бахалы» комедиясын сахналастырыўға урынған маңлайы қурыған режиссёр ҳәм актёрлардың хызмет бабынан алынған қызықлы көринислер итибарымызды өзине қаратады. Яғный, комедияда драматург

Марленов ақша, байлық ушын түрли жоллар менен сәтсиз қунсыз шығармасын театр сахнасында қойыўға урынады ҳәм соның менен бирге ол өзин ең қәбилетли, теңи-тайы жоқ драматург сыпатында баҳалап, театр хызметкерлерине өз ҳүкимин өткермекши болады. Марленов шығармада иске аспайтуғын ўақыяларды, сахна нызам-лықларына сай келмейтуғын ҳәдийселерди киритеди ҳәм бул қағыйдалардың бул қағыйдалардың бузылыўы ақыбетинде режиссёр ҳәм актёрлар өз ислерин атқара алмай, илажсыз қалады. Олар Марленов ҳәр пьеса жазып алып келгенинде жүреклери суў ете қалады, ақыр-соңында актёрлар да пул жыйнап болса да Марленовқа берип, оның шығармасында рол ойнамаўға разы болады. Лекин қайтпас қара Марленов және сондай шығармасын режиссёр ҳәм актёрларға усынады. Шығарманың тийкарғы идеясы да усындай шала драматурглер тымсалында жазыўшылық тийкарын, сахналық шығармалар авторының өз алдына усылы, қағыйдасы болыўы лазымлығын, проза менен драманың айырмашылықларын көрсетпекши болған. Және де байлыққа өш, бул жолда тамнан таслайтуғын нәпәк кимселердиң келбетин өз дөретпесин пулға алмастыратуғын, жалатай адамларды анық сәўлелендирген.

Шығармадағы әйне конфликтлердиң ирге тасы болған түйин – бул Марленовтың жаңа пьесасын режиссёрлар додалаўынан басланады. Усының салдарынан режиссёрлар да қарсылықларға актёрлар менен айтысыўға дейин барады.

Әдебияттың ҳәр бир есигине кирип, ҳәр бир дөретпе ханасында отырып қәлем тербеткен М.Нызановты шын мәнисиндеги шеберлик мектеби басқышларын басып өткен жазыўшы, прозаик десек болады. Өйткени, оның өткир, инсан кеширмелерин толғанысларын, келбетин анық ҳәм айкын сәўлелендириўши, шығармалары оқыўшыны ойға салады. Сондай-ақ, қарақалпақ кино өнери дүньясын көркем фильмлери менен безеген М.Нызановтың бүгинги күнге шекем бул тараўда «Танка» (2003-жыл), «Уры», «Курорт» (2009), «Қоңсылар» (2010), «Қайсар» (2011), «Өмирдиң үш паслы» (2011), «Меҳригиё-Мәргия» (2012), «Қорған» сыяқлы бир-биринен әжайып толық метражлы фильмлери экранға шықты. Бул фильмлердиң ҳәр биринде жазыўшы қарақалпақ халқына тән миллийлик, үрп-әдет дәстүрлерди, турмыслық ўақыяларды, иснанлардың пейли-қылўаларын, гейде сада, гейде ҳаққеўил, гейде қуўақы, гейде болса тирсек қарақалпақлардың өмирдеги қызықлы мәўритлерин сүўретлеп үлкен экран арқалы жанландырды.

«Танка» фильми ушын Муратбай Нызанов Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа миясар деп табылды.

Әдебиятлар

1. Абрамов А. А. О специфике музыкального содержания // Эстетические очерки. М., 1973. Вып. 3.
2. Абрамов В., Рихтер С., Попов О. Телерадиовещание: ущерб психическому и физическому здоровью //Broadcasting. 2001—2002. № 8.
3. Авербах Е. М. Музыка и СМК: Из прошлых прозрений, прогнозов и проблем //В зеркале критики: Из истории изучения художественных воспоминаний массовой коммуникации. М., 1985.
4. Аверина Н. Проблема бессознательного в художественном мышлении («Клип») //Современные проблемы аудиовизуальных средств массовой коммуникации. М., 1995.

РЕЗЮМЕ. Бул мақалада Муратбай Нызанов өмири ҳәм дөретиўшилиги ол дөреткен шығармалар ҳаққында сөз етиледи.

РЕЗЮМЕ. В данной статье рассказывается о жизни Муратбая Нызанова и его произведениях.

SUMMARY. This article talks about the life of Muratbay Nyzanov and his works.